



Chè Paran,

Distri Lekòl Seaford ap bay opsyo sa kote timoun yo ka aprann lakay yo pou kont yo, e pou ede kenbe pitit ou angaje nan pwosesis edikasyon an pandan lekòl la fèmen.

Kòm yon elèv Middle School Seaford, pitit ou gen aksè a plizyè resous sou entènèt ki disponib pou ou si ou gen yon òdinatè ak entènèt nan kay ou. Lòt resous nan entènèt gen ladan-n tankou Khan Academy; pitit ou ap bezwen enfòmasyon sou kont Google li genyen-an pou li ka antre nan resous sa yo. Pitit ou a kapab jwenn aksè nan tout pwogram yo ak tout resous yo pandan lekòl fèmen an.

Pou fanmi ki pa gen aksè nan entènèt oswa òdinatè, laptop, iPad (Oswa sa yo ki bezoin pran repo san yo pa itilize òdinatè), genyen tou yon meni ki gen aktivite offline. Nou apresye- w tan ou pral pran pou gade nan tout opòtinite aprantisaj sa yo ak pitit ou a pandan wap ede pou viris sa rele COVID-19 sispann gaye nan Eta Delaware.

Opòtinite aprantisaj sa yo pa obligatwa. Se si ou vle, se yon fason pou ka kenbe pitit ou a rete angaje epi aprann pandan lekòl la fèmen-an. Kòm yon paran sèvi ak diskresyon pou detèmine konbyen tan pitit ou a ka pase nan yon aktivite avan li pran repo oswa pou fè nan yon aktivite diferan. Moman nap viv bay anpil estrès, nou ankouraje w pran swen sante fizik ou ak mantal ou, Ou ka chwazi aktivite pitit ou vle fè ya lè sa posib.

Rete an sante!

Salitasyon,


Dr. Corey Miklus
Sipèentandan an
Distri Lekòl Seaford